

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Desain panalungtikan nyaéta rarancang gawé anu dipaké pikeun ngalaksanakeun panalungtikan (Malhotra, 2007). Desain panalungtikan mangrupa prosédur pikeun meunangkeun informasi anu dipikabutuh pikeun nyusun atawa ngaréngsékeun masalah dina panalungtikan. Desain panalungtikan mangrupa dadasar enggoning ngalaksanakeun panalungtikan. Desain panalungtikan teu bisa dileupaskeun tina Métoodeu panalungtikan. Métoodeu panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta déskriptif-kualitatif. Métoodeu déskriptif bisa disebutkeun mangrupa prosédur ngungkulan masalah anu ditalungtik ku cara ngagambarkeun kaayaan subyék atawa obyék panalungtikan dina mangsa kiwari dumasar kana fakta-fakta anu nyampak atawa anu sakumaha ayana. Panalungtikan déskriptif medar jeung napsirkeun data anu aya patalina jeung fakta, variabel, jeung fénoména anu aya dina mangsa lumangsungna panalungtikan sarta ditepikeun sahinasna. Pamarekan kualitatif mangrupa tarékah pikeun maham fénoména sosial kabasaan anu keur ditalungtik (Mahsun, 2005: 235). Istilah maham ngandung harti tarékah pikeun néangan ma'na fénoména anu keur ditalungtik saluyu jeung pamahaman palakuna. Pamarekan déskriptif-kualitatif dina ieu panalungtikan téh nyaéta prosédur panalungtikan anu hasilna pedaran data déskriptif mangrupa wacana humor Sunda jeung rupaning wangunna dipatalikeun jeung kabutuh pangajaran basa Sunda di sakola.

Padika jeung téhnik ieu panalungtikan téh strategina diwangun ku tilu tahapan sakumaha anu disarankeun ku Sudaryanto (1993: 5), nyaéta (1) padika jeung téhnik nyadiakeun data; (2) padika jeung téhnik analisis data; jeung (3) padika jeung téhnik nyajikeun data.

Desain panalungtikan mangrupa bagan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah anu dilakukeun ku panalungtik dina prak-prakan panalungtikan.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Ieu panalungtikan téh datana dicokot tina buku Kumpulan Humor Sabulangbéntor 1 – 7 karya Taufik Faturohman (2007). Salian ti éta ogé wawancara jeung panulisna ngeunaan (1) buku Kumpulan Humor Sabulangbéntor jeung buku humor lianna anu geus diterbitkeun; (2) jenis humor anu aya dina buku Kumpulan Humor Sabulangbéntor; (3) humor anu luyu pikeun pangdeudeul pangajaran basa Sunda di sakola; jeung (4) masalah séjén anu aya patalina jeung panalungtikan.

Dina kapustakaan sastra Sunda antologi humor anu munggaran terbit nyaéta *Goegojon* (1922) karya Sastrawinata jeung S. Goenawan anu diterbitkeun ku Commisie Voor de Volkslectuur. Saterusna terbit *Dogdog Pangréwong* (1930) karya G.S., sandiasma anu nepi ka kiwari can kanyahoan jinek ngaran aslina. Ti dinya mah terbit baé sawatara buku antologi humor kayaning *Landong Baeud* (1937; 1986), *Badingkut* (1966) karya Oey Éng Soe (Uyéng Suwargana), *Angeun Haseum* (1966) karya M.A. Salmun, *Buntut Oa* (1964; 2002) karya Ki Cakakak (Ajip Rosidi), *Beregejed* (1995) karya Taufik Faturohman, *Kéom Sakedap* (2006) karya Syam Ridwan, *Dulag Nalaktak* (2006) karya Usép Romli H.M., *Sabulangbéntor* Jilid 1 – 7 (2007) karya Taufik Faturohman; jeung *Seuri Leutik* (2008) karya Ajip Rosidi.

Anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta Kumpulan Humor *Sabulangbéntor* Jilid 1 – 7 karya Taufik Faturohman (2007) minangka sumber data panalungtikan kalayan tinimbangan:

- 1) Kumpulan Humor *Sabulangbéntor* karya Taufik Faturohman anu diwangun ku tujuh jilid mangrupa kumpulan humor Sunda anu panglengkepna, ngurung sawatara klarifikasi humor anu ditalungtik.
- 2) Humor-humor anu aya dina Kumpulan Humor *Sabulangbéntor*, sabagian gedé geus dipublikasikeun saméméhana dina media citak saperti Koran *Gala* jeung *Kabar Priangan*, anu temahna baris leuwih dipikawanoh ti batan buku kumpulan humor Sunda lianna.

Sakumaha anu geus disebutkeun yén tina sakitu lobana buku kumpulan humor basa Sunda anu dipilih pikeun dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan téh nyaéta Kumpulan Humor *Sabulangbéntor* Jilid 1 – 7 karya Taufik Faturohman. Éta hal téh saluyu jeung pamadegan Samarin (1988: 52) anu nétélakeun yén upama panalungtikan téh pikeun nangtukan gurat badag struktur basa dina wangun anu lega ambahanana, henteu mikabutuh leuwih ti hiji informan. Bisa disebutkeun dina dirina geus miboga hiji mikrokosmos, jagat alit. tina adegan linguistik.

Dina Kumpulan Humor *Sabulangbéntor* Jilid 1 – 7 aya 1542 judul humor. Jumlah sakitu téh ngawengku 500 judul tatarucingan, 12 judul ramalan béntang, jeung 940 judul humor dina wangun narasi jeung paguneman. Anu dijadikeun populasi dina ieu panalungtikan téh nyaéta 940 judul humor dina wangun narasi jeung paguneman. Sedengkeun anu mangrupa tatarucingan jeung ramalan béntang henteu diasupkeun kana populasi lantaran mikabutuh panalungtikan ku cara anu béda jeung ieu panalungtikan. Tina sajumlahing data téh dicokot 70 judul anu dijadikeun sumber data panalungtikan. Pikeun meunangkeun sumber data anu representatif digunakeun téhnik acak proporsional. Ieu téhnik téh dipaké pikeun meunangkeun wakil sumber data anu saimbang di antara rupaning jejer anu aya saluyu jeung sumberna (Bungin, 2004: 114).

Pikeun leuwih jéntré, di handap aya tabel data data jeung tabel sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan.

Tabel 3.1 nuduhkeun sumebarna data dumasar kana sumber data jeung jejer panalungtikan. Angka 940 jumlah judul humor sabada dikurangan ku data anu mangrupa tatarucingan jeung ramalan béntang. Tabel 3.2 ngagambarkeun sumber data anu dipaké dina ieu panalungtikan. Éta sumber data téh dicokot sacara acak saluyu jeung proporsi jejer sumber datana. Unggal-unggal unit dicokot saimbang dumasar kana perséntaseu anu deukeut kana data.

Tabel 3.1 Data

No.	Jejer	SB 1	SB 2	SB 3	SB 4	SB 5	SB6	SB 7	Jumlah
1.	Politik	8	1	3	1	0	71	0	84
2.	Séks	30	30	37	39	0	0	32	168
3.	Étnik	7	13	11	11	0	0	34	76
4.	Agama	12	15	3	8	0	0	8	46
5.	Sosial	26	43	36	47	0	0	67	219
6.	Dokter	1	23	6	3	0	0	26	59
7.	Pendidikan	1	29	2	7	0	0	21	60
8.	Persib	0	0	0	0	132	9	9	132
9.	Transportasi	10	19	10	2	0	0	7	48
10.	Sasatoan	12	5	14	12	0	0	5	48
	Jumlah	107	178	122	130	132	71	200	940

Tabel 3.2 Sumber Data

No.	Jejer	SB 1	SB 2	SB 3	SB 4	SB 5	SB 6	SB 7	Jumlah
1.	Politik	0	0	0	0	0	4	1	5
2.	Séks	1	0	3	2	0	0	5	11
3.	Étnik	3	1	1	3	0	0	1	9
4.	Agama	2	1	0	1	0	0	0	4
5.	Sosial	0	4	1	4	0	0	8	18
6.	Dokter	0	2	1	0	0	0	3	6
7.	Pendidikan	0	2	0	0	0	0	3	5
8.	Persib	0	0	0	0	7	9	9	7
9.	Transportasi	1	0	2	0	0	0	0	3
10.	Sasatoan	0	2	0	0	0	0	5	2
	Jumlah	7	12	9	10	7	4	21	70
	Perséntase	10,00	17,14	12,86	14,29	10,00	5,71	30,0	100,00

3.3 Ngumpulkeun Data

Prosés ngumpulkeun data dimimitian ku cara nitéan sumber anu geus ditetepkeun ngagunakeun téhnik kartu data sarta ngadéskripsikeun sagala anu aya patalina jeung humor katut pangajaran basa. Pikeun meunangkeun data anu valid, saméméh ngalaksanakeun analisis data, dilakukeun triangulasi data. Triangulasi nyaéta téhnik ngumpulkeun data anu sipatna ngagabungkeun rupaning téhnik ngumpulkeun data jeung sumber data anu geus aya (Sugiono, 2009: 330). Sunarto (2008) nétélakeun yén triangulasi bisa dilakukeun ku cara:

- a. Triangulasi sumber digunakeun pikeun nguji darajat merenah jeung lengkepna data.
- b. Triangulasi personal (informan) digunakeun pikeun nguji atawa ngecék akurat jeung sohéhna data.
- c. Triangulasi tiori digunakeun pikeun nguji atawa ngecék darajat bisa dipercaya henteuna pamanggih atawa hasil panalungtikan.
- d. Triangulasi Métofeu digunakeun pikeun nguji atawa ngecék darajat bisa dipercaya henteuna pamanggih hasil panalungtikan.

Triangulasi anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta triangulasi sumber. Triangulasi sumber dilakukeun ku cara ngecék, ngévaluasi, jeung nyawalakeun data jeung panulis, panyatur basa, batur saihwan, jeung pangaping panalungtikan. Data anu mangrupa bahan baku panalungtikan kacida pentingna pikeun diaku darajat merenah jeung lengkepna. Triangulasi data dilakukeun ti mimiti ngumpulkeun data nepi ka analisis data dilakukeun.

Tahap saterusna nyaéta réduksi data. Réduksi data mangrupa prosés nyeléksi data anu geus dikumpulkeun. Ieu kagiatan téh tujuanana pikeun ngantebkeun, masing-masing, jeung museurkeun data anu rék dipaké, miceunan data anu henteu

perlu, sarta ngokolakeun data nepi ka bisa divérifikasi. Dina ieu prosés, data dipilih saluyu jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina panalungtikan kualitatif, anu jadi instrumen atawa alat panalungtikan téh nyaéta panalungtik sorangan, nepi ka panalungtik kudu “divalidasi”. Validasi ka panalungtik, ngawengku: maham kana metode panalungtikan kualitatif, ngawasa wawasana kana widang anu ditalungtik, siap asup kana obyék panalungtikan, boh sacara akademik boh secara logik (Sugiono, 2009: 305).

Panalungtik kualitatif salaku *human instrument* miboga fungsi pikeun netepkeun puseur panalungtikan, milih informan salaku sumber data, ngumpulkeun data, ngajén kualitas data, analisis data, napsirkeun data, sarta nyieun kacindekan hasil panalungtikanana (Sugiono, 2009: 306)

Panalungtik salaku instrumén atawa alat panalungtikeun miboga ciri-ciri saperti ieu di handap:

- 1) Panalungtik salaku alat peka jeung bisa ngayakeun réaksi kana stimulus ti lingkungan anu kudu bisa ngira-ngira aya hartina atawa henteu pikeun panalungtikan.
- 2) Panalungtik salaku alat bisa nyaluyukeun diri kana sagala rupa aspék kaayaan sarta bisa ngumpulkeun rupa-rupa data sakaligus.
- 3) Unggal situasi mangrupa sagemblengna hartina taya instrumén ngrupa tés atawa angkét nu bisa nangkep sagemblengna situasi iwal manusa.
- 4) Hiji situasi anu ngalibetkeun interaksi manusa moal bisa dipahamkeun ku pangaweruh wungkul sarta pikeun mahamna, urang perlu mindeng ngarasakeunana, neuleumanana dumasar kana pangaweruh urang.

- 5) Panalungtik salaku instrumén bisa sagancangna nganalisis data anu kacangking, nafsirkeun, nyieun hipotésis sagancangna pikeun nangtukeun arah panitén enggoning ngetés hipotésis anu timbul saharita.
- 6) Ngan manusa salaku instrumén bisa nyieun kacindekan dumasar data anu geus dikumpulkeun dina hiji mangsa jeung ngagunakeun sagancangna pikeun ngantebkeun, ngarobah, ngoméan atawa tindakan (Sugiono, 2009: 308).

Instrumén séjén anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nyaéta kartu data jeung angket. Utamana mah ngeunaan humor anu patalina jeung pangajaran basa Sunda di sakola.

3.4.1 Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data wacana humor dina buku Sabulangbéntor. Dina kartu data aya informasi ngeunaan (1) kodeu buku, (2) judul wacana humor, jeung (3) kaca.

Pikeun ngabuktikeun lucu henteuna wacana humor, éta wacana dibandingkeun jeung wangun wacana nonhumor ku cara ngamangpaatkeun sawatara téhnik analisis data, saperti substansi jeung delesi (Sudaryanto 1988, 1993; Djajasudarma, 2006).

Minangka ilustrasi, titénan conto di handap!

(7.15) (Sabulangbentor 7/Asup Surga)

“Saha nu hayang asup surga?” ceuk guru nanya ka muridna. (1)

Sakabéh murid ngacung, iwal saurang anu teu ngacung téh. (2)

“Ku naon Iwan mah teu ngacung? Naha embung asup surga?” (3)

“Abdi mah ku pun bapa mun tos ageung téh dipiwarang lebet tentara, Bu!” (4)

Analisis :

Wanda Polah Ucap :

- Lokusi
- Ilokusi

<ul style="list-style-type: none"> - Perlokusi <p>Wujud Polah Ucap:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Asertif - Direktif - Komisif - Deklaratif - Éksprésif

Kalimah (4) dina wacana di luhur ngagambarkeun tokoh Iwana nu teu mere kontribusi anu dipiharep ku pamiarsana (Ibu Guru). Tanggapan Iwan dina éta wacana téh nimbulkeun implikasi anu teu wajar dina paguneman. Pikeun mikanyaho hal anu teu wajar bisa dibandingkeun jeung wacana séjén. Upamana baé jawaban Iwan téh diganti ku “Abdi mah teu ngacung téh nyeri panangan, Bu!” Tangtu wé jawaban gagantina mah henteu nimbulkeun éfék lucu. Ti dinya dipatalikeun jeung prinsip kasopanan. Éta humor téh henteu méngpar tina prinsip kasopanan. Hartina, bisa dipaké dina pangajaran basa Sunda.

3.4.2 Angkét Siswa

Angkét dipaké pikeun ngaguar jeung maluruh ngeunaan stratégi humoris dina pangajaran basa Sunda. Angkét dina ieu panalungtikan mangrupa patalékan-patalékan nu kudu dijawab ku para siswa sacara tinulis dumasar kana pangaweruh tur pangalaman maranéhannana.

Angkét ka Siswa

Wasta :	
Kelas :	
Sakola :	
Eusian patalékan di handap dumasar kana pangaweruh jeung pangalaman hidep!	
1.	Kriteria guru basa Sunda nu dipiharep? a. humoris b. serius c. santai
2.	Pangajaran basa Sunda nu guruna humoris?

	a. resep b. teu resep c. biasa-biasa
3.	Pangajaran basa Sunda nu guruna humoris bisa ngamotivasi kana diajar? a. satuju b. teu satuju
4.	Guru nu nyelapkeun humor dina pangajaran, jadi pangjurung siswa henteu bosen dina nuturkeun pangajaran basa Sunda? a. satuju b. teu satuju
5.	Nyelapkeun humor dina pangajaran, bisa ngarahkeun focus kana matéri pangajaran? a. satuju b. teu satuju
6.	Guru nu humoris bisa ngaronjatkeun minat diajar basa Sunda? a. satuju b. teu satuju
7.	Guru nu humoris bisa ngaronjatkeun kamampuh diajar basa Sunda? a. satuju b. teu satuju
8.	<p style="text-align: center;">Teu Dikutang</p> <p>Di kebon aya anak ucing keur ngoréhan runtah. Sabot kitu jol sapi bikang nyampeurkeun. Éta sapi bikang téh terus ngomong, maksudna mah hayang ngaheureuyan anak ucing.</p> <p>“Yeuh, anak ucing, déwék mah weléh teu ngarti, ku naon ari manéh leutik-leutik bet kumisan?” ceuk sapi bikang nanya ka anak ucing bari nyéréngéh seuri.</p> <p>“Nya leuheung kénéh kuring mah, leutik-leutik geus kumisan. Ari di dinya marukan teu anéh?” témbal anak ucing.</p> <p>“Nya naon kaanéhan kuring?”</p> <p>“Di dinya mah apan gedé-gedé, ari susu rayud teu dikutangan!”</p> <p>Bep waé sapi bikang teu bisa ngomong deui, tayohna ngarasa di-KO ku anak ucing.</p> <p>a. pikalucueun b. teu pikalucueun c. biasa-biasa</p>
9.	<p style="text-align: center;">Tentara Pangwanina</p> <p>Tentara Amérika, Rusia, jeung Indonésia keur ngayakeun latihan bersama di hiji pulo nu hara-haraeun. Parakomandanna keur cacarita soal kawani prajuritna.</p> <p>“Moal aya nu pangwani-wanianana sadunya iwal prajurit Rusia,” ceuk Komandan Rusia.</p> <p>“Teu percaya,” témbal Komandan Amérika, “apan prajurit Rusia mah</p>

	<p>katotol boranganana. Mun enya wanian, cing pék buktikeun!”</p> <p>“Héy, prajurit!” ceuk Komandan Rusia ngageroan salah saurang prajuritna nu keur anteng ngadu panggala ku granat.</p> <p>“Siap, Pa!” ceuk éta prajurit bari gasik nyampeurkeun komandanna.</p> <p>“Tuh tempo ku manéh, di hareup téh apan aya jungkrang. Ayeuna Bapa rék nanya ka manéh, sanggup henteu ngajleng kana éta jungkrang?” ceuk Komandan Rusia.</p> <p>“Siap, Pa, ngajleng kana jungkrang akan saya laksanakan!” Deregdeg éta prajurit muru jungkrang. Teu tata pasmi, jleng bae ngajleng. Atuh geus kajudi ku saréréa gé, barang tepi ka dasar jungkrang éta prajurit téh terus paragat nyawana.</p> <p>“Tuh nya, prajurit Beruang Merah mah waranian,” ceuk Komandan Rusia.</p> <p>“Wah céték nu kitu mah. Geura tempo wanianana prajurit Amérika,” ceuk Komandan Amérika bari ngageroan salahsaurang prajuritna.</p> <p>“Héy prajurit, coba manéh asup kana durukan. Tuh tempo ku manéh, durukanana nu itu!” ceuk Komandan Amérika bari nunjuk kana durukan nu keur ngabebela.</p> <p>“Siap Pa, asup kana durukan akan saya laksanakan!”</p> <p>Éta prajurit lumpat muru durukan, terus manéhna nagebruskeun manéh. Kadéngé ku saréréa jumeritna éta prajurit nepi ka hanteuna.</p> <p>“Tuh apan kabandingan ku saréréa, ku wanianana prajurit Amérika nepi ka wani asup kana durukan nu keur ngabebela,” ceuk Komandan Amérika semu reueus.</p> <p>“Ah, asup kana durukan jeung ngajleng kana jungkrang mah teu kaasup wanian. Geura bandungan ku saréréa kawanina prajurit Indonésia,” ceuk Komandan Indonésia bari ngageroan salahsaurang prajuritna nu keur nyieun Indomie rebus.</p> <p>“Héy prajurit, cing pék manéh naék kana kapal terus terjun tong maké parasit. Sabada nincak taneuh, terus manéh asup kana durukan. Geus kitu terus manéh ngajleng kana jungkrang. Sanggup henteu?” ceuk Komandan Indonésia bari molotot.</p> <p>“Sugan komandan gélo, ma enya maréntah téh kitu patut! Teu, kuring mah teu sanggup. Pék wé ku manéh laksanakeun!” ceuk éta prajurit malik molotot.</p> <p>“Tuh nya, wanian kénéh prajurit Indonésia, ka komandan ogé prajurit Indonésia mah maké wani ngalawan!” ceuk Komandan Indonésia bari terus ngaléng prajuritna. Geus kitu mah éta komandan kadua prajuritna aranteng ngahanca ... Indomie rebus.</p> <p>a. kaharti b. teu kaharti c. biasa-biasa</p>
10	<p style="text-align: center;">Lalampahan Abah Sastra</p> <p style="text-align: center;">Lantaran garwana aya maksud hajat, hajat badag da nanggap wayang</p>

sagala, Abah Sastra kapaksa ngala nangka ka Majalaya, da aya tangkalna ngajajar dalapan tangkal na sawah saat. Abah Sastra mawa karanjang, sabab Abah Sastra nyangka nangkana baradag sarta arasak.

Barang datang ka Majalaya, kasampak tangkal nangka aya, da apan tangkal nangka mah tara ka mamana. Abah Sastra gagancangan ngalacat kana tangkal nangka. Barang datang kana tangkal pangbadagna, Abah Sastra ngagakgak sarta cacalawakan, sabab aya haphap ngarayap kana palangkakanana. Lantaran Abah Sastra ajrag-ajragan, nya Abah Sastra ragrag ka handap, nangkarak na sawah saat. Rada sangsara, sabab Abah Sastra kakarayapan na sawah saatna rada lapar sarta hanaang. Rada lawas Abah Sastra sangsara na sawah saat, aya kana dalapan jamna.

Lantaran Abah Sastra kana hajatna alpa, garwana, tatangga-tatangana, sarta baraya-barayana marapay. Barang datang ka sawah saat, kasampak Abah Sastra aya, nangkarak na sawah saat.

“Naha Abah mana gagabah? Ngala nangka kakalacatan sagala? Apan ngala nangka mah aya gantar panjang!” garwana nanya.

“Naha Mamah kalah nyangka salah ka Abah? Saha jalmana hayang sangsara na sawah saat? Apan Abah nangkarak aya dalapan jamna sawah saat gara-gara haphap bangkawarah. Haphap badag kakarayapan na palangkakan Abah. Panyangka haphap na calana Abah aya barayana. Pan Mamah apal, na calana Abah mah taya baraya haphap, ngan aya kadal badag hanca Mamah,” Abah Sastra ngajawab.

Lantaran panyawat Abah Sastra kasawang rada parna, nya Abah Sastra aya maksud tatamba ka Rancabadak. Jalanna rada anggang, aya kana dalapan palna. Asalna mapay-mapay sawah, bras ka jalan satapak. Barang datang ka jalan aspal, clak kana kahar.

Sadatangna ka Rancabadak, satpam nanya.

“Wah, saha? Kawas-kawas rada gawat? Yap payang kana blankar!” satpam nanya sarta mapatahan.

Abah Sastra mapay-mapay gang panjang bras ka kamar salapan. Rada lawas tatamba ka Rancabadakna, aya kana dalapan ahadna.

Sadaya kadang warga bakal nyangka lalampahan Abah Sastra ngala nangka ka Majalaya sarta tatamba ka Rancabadak bakal panjang nya? Bakal panjang?

Salah. Lalampahan Abah Sastra ngala nangka ka Majalaya sarta tatamba ka Rancabadak bakal tamat, sabab baraya-baraya Abah Sastra ngalayad ka Rancabadakna salah, kalah ka kamar ... tujuh. Pan Abah Sastra mah tatambana ka kamar salapan nya?

Wassalam, tamat!

a. pikalucueun b. teu pikalucueun c. biasa-biasa

3.5 Téhnik Ngolah Data

Ngolah data dina ieu panalungtikan dimimitian ku ngawilah-wilah data saluyu jeung klasifikasi sarta kategori masing-masing. Ieu kagiatan téh lumangsung nepi ka kacangkingna data-data anu saluyu atawa anu rék dipaké dina klasifikasi humor dumasar kana jejerana. Diteruskeun kana tahap saterusna nyaéta nganalisis data-data dumasar kana prinsip-prinsip pragmatik sarta implikasi humor anu ditimbulkeunana. Ti dinya dipatalikeun jeung métoda pangajaran basa, utamana mah anu patalina jeung prinsip kasopanan dina mékanisme pragmatikna.

Léngkah-léngkah ngolah data dilaksanakeun saperti di handap:

- 1) Mariksa deui data humor nu geus dikumpulkeun
- 2) Nyieun papasingan data
- 3) Nganalisis polah ucap dina wacana humor
- 4) Ngadéskripsikeun polah ucap dina wacana humor
- 5) Nyieun stratégi humoris dina pangajaran basa Sunda
- 6) Nafsirkeun hasil analisis
- 7) Nyieun kacindekan